




NÒM KONPÒTMANTAL POLITIK AK PWOSEDI – Nan nivo eta a

DHR-STW-Politik #: DHR-STW-105.1	Otorite: 29 Del. C. Chapit 58; Règ Merit 12 ak 15.2
Dat efektif : 9 Oktòb, 2023	Dat Revizyon: 21 Me, 2024
Ranplase: 19 Jiyè, 2021; Kwayans ak Prensip 10-1-2016; Prensip jesyon pou espas travay la 10-1-2016	Siyati: 
Aplikasyon: Ajans branch egzekitif yo	

1. Deklarasyon objektif politik la

Eta Delaware lan (Eta) ap ankouraje yon anviwònman bati sou respè youn pou lòt, divèsite, ak diyite pou tout moun ki anplwaye oubyen fè fas ak Eta a, pwogram li yo, epi sèvis li yo. Eta a angaje li pou bon jan kalite sèvis epi l ap chèche bati ak kenbe yon anviwònman travay ki san danje, ki sekirize, ki pozitif, ki gen respè epi ki pwofesyonèl. Estanda ki tabli la yo se pou asire yon espas travay pwofesyonèl ki san entimidasyon ak konpòtman derespektan pou tout anplwaye ak kliyan.

Eta a ap selebre valè enklizivite yo pou bati konfyans, amoni, konpreyansyon, ak konpasyon nan mitan tout moun ki anplwaye pa eta an oubyen ki rankontre li, pwogram li yo, avèk sèvis li yo. Politik sa a gen pou objektif bay konsèy konsènan sa yo atann de anplwaye yo pou ede soutni yon anviwònman travay nan respè youn pou lòt.

Eta a respekte dwa anplwaye li yo pou yo pale, epi politik sa balanse dwa a lapawòl yon anplwaye menm jan ak enterè Eta a nan kondi zafè leta a nan yon fason ki sekirize, ki gen respè, epi pwofesyonèl. Eta a angaje nan ranfòsman egal tout Pratik travay nan politik sa jan sa espesifye nan lwa, regilasyon, ak estrateji Federal ak Eta yo.

2. Dimansyon

Politik sa ap aplike pou anplwaye Branch Egzekitif yo, anplwaye okazyonèl/pa sezon yo, entèn benevòl yo, ofisyè yo, ak apranti yo.

Ofisyèl Eli avèk Manb Jidisyè yo kapab chwazi pou adopte epi administre politik la nan biwo pa yo e avèk anplwaye pa yo.

Politik sa ap adrese kominikasyon ak konpòtman ki pa enplike estati klas pwoteje yo. Konvèzasyon ak konpòtman, tankou asèlman, entimidasyon, diskriminasyon, ak reprezay baze sou estati klas pwoteje yo adrese espesifikman anndan [State of Delaware Respectful Workplace and Anti-Discrimination Policy](#) la ki se politik ki dwe itilize lè klas pwoteje yo enplike epi tout anplwaye Leta yo dwe konfòme yo avèk li tou.

Kondisyon politik sila a ranplase nenpòt politik ak pwosedi Ajans Branch Egzekitif nan tout Eta a oubyen lye avè l.

3. Definisyon ak akwonim

- **Entimidasyon** – Move tretman repete avèk/osinon zak entansyonèl ki lakoz domaj sou youn osinon plizyè moun, ki pa baze sou yon klas pwoteje, ki komèt pa youn oubyen plizyè moun swa an pèsòn, pa imèl, pa mesaj tèks oubyen atravè yon kont medya sosyal.
- **Konpòtman Derespektan** – Konpòtman avèk/osinon konvèzasyon an pèsòn, pa imèl, pa mesaj tèks oubyen atravè yon kont medya sosyal ke yon moun ki gen lajezon t ap konsidere ki pa apwopriye, ki imilyan, degradan, ak/oubyen yon lòt jan ofansan.
- **Limit Pwofesyonèl** – Limit anndan relasyon an ke anplwaye a responsab pou li etabli epi kenbe. Limit pwofesyonèl yo defini entèraksyon efikas ak apwopriye ant anplwaye yo avèk piblik la, avèk pami yo kliyan oswa benefisyè sèvis yo; an pèsòn, pa imèl, pa mesaj tèks, oswa atravè kont medya sosyal.
- **Pwofesyonalis** – Montre bon jijman ak konpòtman apwopriye ki atann avèk rezon nan espas travay la.
- **Klas Pwoteje** – Ras yon moun, kwafi pwotektris li, koulè li, orijin nasyonal li, kategori li, laj li, sèks li, kwayans li, gwosès li, eta sivil li, responsablite nan fanmi li, oryantasyon seksyèl li, idantite oswa ekspresyon sèks li, estati li kòm veteran, relijyon li, enfòmasyon jenetik li, andikap li, estati li kòm yon viktim vyolans domestik, agresyon seksyèl ak/oswa pèsekisyon ki fèt sou li, oswa nenpòt ki lòt kategori ki pwoteje pa lwa Eta ak/oubyen Federal aplikab yo.
- **Respè** – Konpòtman ki valorize divèsite, enklizyon, diyite, atitid koutwa, jistis, ekite, ak egalite ki ankouraje kominikasyon pozitif ak relasyon travay pote kole nan yon fason ke yon moun ki gen lajezon t ap twouve ki apwopriye.
- **Medya Sosyal** – Prensipalman zouti ki baze sou entènèt ak mobil pou pataje ak diskite enfòmasyon. Tèm nan pi souvan fè referans a aktivite ki entegre teknoloji, telekominikasyon, ak entèraksyon sosyal, ansanm ak konstriksyon mo, foto, videyo, ak odyo. Egzanp yo enkli, men pa limite sèlman a: fowòm, wèblòg (blòg, vlòg, mikroblòg, aplikasyon sou prezans yo), wikiz, annotasyon sosyal, sit kominikasyon sosyal, podkas, foto, videyo (videyo, vlòg, difizyon an dirèk), kominikasyon an tan reyèl sou entènèt (chat, sal diskisyon, diskisyon videyo), elatriye.
- **Swen ki Pran an Kont Twomatis** – Yon apwòch entansyonèl pou konprann ak entèraji avèk moun ki te fè eksperyans oswa ki ka ap fè eksperyans twomatis. Li sipoze ke pifò moun pwobab pou yo ta genyen omwen yon evènman twomatik nan yon moman done nan lavi yo et sa, pou kèk nan yo, sa enpakte fason yo pèsevwa mond lan ak enplike yo avèk lòt moun.

4. Politik

- a. Eta a ap goumen pou yon amelyorasyon kontinyèl espas travay la nan jan l ap anplwaye bagay esansyèl sa yo: responsab, sans responsablite, respè, konfyans, ak koutwazi pwofesyonèl. Atenn ekselans nan relasyon imèn se yon kesyon de respektè chak moun avèk diferans yo. Eta a respektè divèsite pami anplwaye li yo, kliyan, ak elektè li yo. Anplwaye yo ak chak moun ki kouvri anba politik sa a gen responsablite pou yo konstwi ak kenbe yon anviwonman travay ki rasire, ki sekirize, ki gen respè, ki pwofesyonèl, ki san patipri, san asèlman, san diskriminasyon e ki san reprezay. Kidonk, kominikasyon oswa konpòtman derespektan e ki pa pwofesyonèl an pèsòn, pa imèl, pa mesaj tèks, oswa atravè kont medya sosyal yo pa akseptab e yo pap tolere paske yo kapab pètibe fonksyonman apwopriye nan gwoup travay yo epi afebli misyon Eta a. Konpòtman ki entèdi pa règleman sa a pa akseptab nan espas travay la oswa nan nenpòt kad ki gen rapò ak travay la andeyò espas travay la, tankou men pa sèlman vwayaj travay, reyinyon travay, ak evènman sosyal ki gen rapò ak travay.

b. Eta a entèdi reprezay e ap pran aksyon rapid e efikas pou reponn a tout vyolasyon sipoze de règleman sa. Okenn difikilte materyèl oubyen fizik reyèl, okenn pèt, oubyen penalite pa kapab enpoze sou yon anplwaye kòm repons a:

- Depozisyon oswa repons a yon plent;
- Aparisyon kòm temwen nan yon ankèt sou yon plent; oubyen
- Sèvi kòm yon investigatè nan yon pwotestasyon.

c. **Nòm konpòtmantal**

Anplwaye avèk tout moun ki kouvri anba politik sa dwe konfòme yo, yon minimum, a nòm konpòtmantal sila yo. Nòm konpòtmantal sila yo pa dwe entèprete kòm yon lis ki konplè. Tout anplwaye ak tout moun ki kouvri pa politik sa dwe:

- 1) Kondi tèt yo yon fason ki kenbe konfyans piblik la epi prezève asirans piblik la, evite atitid ki vyole, oswa kreye dout sou vyolasyon konfyans piblik la, sa ki ka reflète yon fason defavorab sou Eta a ak gouvènman li an.¹ Anplwaye yo pa dwe angaje nan okenn konpòtman endesan anndan oswa deyò espas travay la, tankou sou medya sosyal, sa kapab febli osinon antrave pèfòmans yon ajans oubyen reyalizasyon anbisyon ak objektif li yo. Konpòtman endesan yo enkli entimidasyon oubyen konpòtman ki gen yon enpak negatif sou anviwònman oubyen relasyon anndan espas travay lan.
- 2) Kenbe limit apwopriye, pwofesyonèl, epi pwofesyonalis avèk pèsònèl Eta a avèk/osinon moun ki pa konekte dirèkteman ak Eta a, pami yo kliyan yo, benefisyè sèvis yo, ak elektè yo.
- 3) Pa entimide oubyen patisipe nan konpòtman derespektan repete ki ka pèsevwa kòm entimidasyon, tankou itilize atansyon endezirab, agresyon, itilize menas, kriye, sabotaj, elatriye, an pèsòn, pa imèl, pa mesaj tèks, oswa atravè rezo sosyal.
- 4) Pinga itilize diskou denigran, jouman, ak prejije negatif nan kominikasyon ekri, vèbal, osinon ki pa vèbal anvè oubyen apwopo de pèsònèl Eta a ak/oubyen moun ki pa konekte dirèkteman avè l, pami yo kliyan yo, benefisyè sèvis yo, ak elektè yo an pèsòn, pa imèl, pa mesaj tèks, oswa atravè medya sosyal. Diskou ki genyen ladan yo pawòl chokan, vilgè oswa ofansan oubyen ki ap ridikilize osinon ap denigre yo pap tolere ditou.
- 5) Prezante nan travay lan nan yon kondisyon ki nesèsè kote ou kapab akonpli ak kenbe responsablite afektasyon ou yo nan yon fason pwofesyonèl, san danje, epi satisfèzan.
- 6) Konfòme avèk [State of Delaware Drug-Free Workplace Policy](#) an epi soutni ke Eta a se yon anviwònman travay san dwòg. Fabrikasyon, transfè, distribisyon, founisaj, vant oubyen itilizasyon sibstans ilisit yo strikteman entèdi pandan ou nan lokal Eta a, pandan nenpòt ki lè travay lan, pandan w ap kondi veyikil a motè ke Eta a posede oubyen lwe, oubyen pandan wap kondi machin pèsònèl ou pandan w ap jere zafè Eta a.
- 7) Konfòme avèk [State of Delaware Marijuana and Alcohol-Free Workplace Policy](#) an. Itilizasyon alkòl, marigwana, oswa move izaj oubyen abi lòt sibstans kontwole yo nan espas travay la avèk defisyans nan espas travay lan akòz itilizasyon alkòl, marigwana, oswa lòt sibstans kontwole yo fòmèlman entèdi.
- 8) Konfòme avèk [State of Delaware Workplace Violence Policy](#) an epi pinga inisye okenn zak avèk/osinon menas pou blese avèk/osinon vyolans sou moun ak/osinon pwopriyete Leta a. Konfòmeman avèk règleman sa a, anplwaye Leta yo pa dwe genyen zam sou yo lè yo sou youn nan pwopriyete Leta a oswa pandan y ap jere zafè

¹ 29 Del. C. Chapter 5806

- Leta a (sof si Sekretè Kabinè a bay yon otorizasyon espesyal/Chèf Ajans lan apwouve l kòm yon egzijans nan kad travay la).
- 9) Konfòme avèk [State of Delaware Acceptable Use Policy](#) an epi sovgade ak itilize nan fason ki apwopriye tout byen, ekipman, ak lojisyèl ke Leta a founi. Anplwaye yo dwe siyale tout pèt oubyen domaj, epi retounen byen an lè yo mande li sa, pa egzanp founiti, ekipman, sistèm elektwonik, telefòn selilè, òdinatè, aparèy, ak kle. Anplwaye yo dwe evite tout itilizasyon byen Leta yo ki pa otorize.
 - 10) Konfòme avèk [State of Delaware Social Media Policy](#) epi pwoteje konfidansyalite enfòmasyon Leta a yo.
 - 11) Pa falsifye dosye Eta a epi pinga fè okenn rapò vèbal osinon alekri oubyen defòme okenn reyalyte materyèl avèk entansyon pou twonpe okenn moun, panèl, komite, ak/oswa tribinal, ki asosye oubyen ki pa asosye ak Eta a.
 - 12) Pa pran pa nan konpòtman ki ap ofanse oswa imilye lòt moun nan espas travay la, tankou jouman, kòmantè negatif oswa blag ki reflekte yon jan negatif sou nenpòt gwoup lan oswa yon moun an patikilye. Anplwaye yo pa dwe afiche okenn materyèl enprime ak/oswa foto ki rabese, ridikilize, oubyen montre yon atitud agresif anvè yon lòt moun oswa gwoup moun.
 - 13) Demontre yon sansibilizasyon sou twomatis nan jan n ap depase aktivman estereyotip kiltirèl ak prejije yo atravè devlopman yon entelijans emosyonèl, ekspresyon senpati nan kominikasyon yo, ak pwomosyon swen sou pwòp tèt nou ak rezilyans pou moun ki nan òganizasyon nou an.
 - 14) Ou dwe yon jeran responsab ak onèt de resous Eta Delaware lan nan jan w ap respekte kontwòl ak politik entèn ak ekstèn yo, ki genyen ladan yo men ki pa limite sèlman a tan, akitman, konje, itilizasyon kat kredi, acha ak alokasyon resous, ak inisyativ ki finanse pa sibvansyon. Okenn anplwaye a plen tan nan Eta a ke salè li peye pa Eta a pa dwe resevwa okenn prim siplemantè pou achte manje, yo pa dwe resevwa manje, oswa ranbouse pou manje ke yo te konsome nan lè travay nòminal anndan Eta a.²
 - 15) Asire yon prezans ponktyèl epi adere a règleman, pwosedi ak pwotokòl sou prezans ak/oswa konje ki pètinan. Fyabilite nan prezans se yon fonksyon esansyèl pou chak travay. Anplwaye yo oblije prezante nan travay lan alè chak jou, pare pou travay nan lè ki pwograme pou yo kòmmanse travay lan epi travay jiska lè pou yo fini an.
 - 16) Pwoteje enfòmasyon konfidansyèl, prive ak pèsònèl anplwaye yo, kliyan, benefisyè sèvis yo, ak moun ki kouvri anba politik sa a epi evite fè tripotay ak kalomnye.
 - 17) Limite entèraksyon ak kliyan oubyen benefisyè sèvis yo a aktivite ki gen rapò ak travay lan sèlman. Okenn anplwaye pa dwe angaje nan yon relasyon sosyal kote ki ka konpwomèt kapasite anplwaye a pou egzèse yon otorite ofisyèl nan fason ki apwopriye oswa lè gen risk eksplwatasyon oswa domaj potansyèl, kit kontak sa a konsantan oswa fòse.
 - 18) Pa aksepte lòt djòb, konpansasyon, kado, oswa nenpòt bagay ki gen avantaj finansye ladan l si sa ka lakòz: (a) jijman defòme; (b) tretman ak preferans; (c) desizyon ofisyèl, andeyò kanal ofisyèl yo; oswa (d) nenpòt efè negatif sou konfyans piblik la anvè gouvènman li an.³

² 29 Del. C. Chapter 5112 (a)

³ 29 Del. C. Chapter 5805 (b)

- 19) Pa egzèse okenn lòt djòb andeyò oubyen lòt aktivite deyò ki enkonpatib ak akonplisman kòrèk tout responsablite pozisyon li an yo.⁴ Yon anplwaye nan sèvis klasifye a pa dwe gen okenn enterè pèsonèl nan okenn tranzaksyon komèsyal nan domèn enfliyan li anndan gouvènman Leta a, ni li pa dwe ap antre ni okenn relasyon komèsyal ki ka antre an konfli ak devwa piblik li yo.⁵

d. Prensip Jesyon

- 1) Anplis de responsablite anplwaye yo jan sa dekri piwo a, chèf ajans yo, manadjè yo, ak sipèvizè yo dwe konprann ke anplwaye yo se patisipan – non pa spektatè – nan anviwònman travay yo an. Patisipasyon aktif anplwaye yo amelyore kalite sèvis ke y ap bay kliyan yo ak benefisyè sèvis yo, pwodikтивite ajans lan, avèk pwòp devlopman pwofesyonèl ak pèsonèl yo. Se poutèt sa, chèf ajans, manadjè, ak sipèvizè yo dwe:
 - Kenbe kèk pratik kominikasyon ouvè tankou politik pòt ouvè, tandè aktif, pataj enklizif enfòmasyon yo, ak respè pou opinyon diferan yo.
 - Ankouraje anplwaye yo pou yo pran inisyativ ak pran desizyon nan limit apwopriye yo, si sekirite ak byennèt anplwaye yo, kliyan yo, benefisyè sèvis yo, ak lòt moun ki kouvri anba politik sa a yo pwoteje epi repitasyon solid Eta a asire.
 - Apresye anplwaye yo pou pakèt kontribisyon yo pote epi kote sa posib, rekonpanse pèsonaj ak gwoup yo nan yon fason ki apwopriye, opòten ak espesifik.
 - Bay opòtinite pou aprann ki reponn a bezwen anplwaye yo jije nesèsè pou favorize kwasans pèsonèl ak pwofesyonèl yo.
 - Ankouraje anplwaye yo konprann epi mete an pratik apwòch ki enfòme sou twomatis yo selon [Executive Order 24](#).
- 2) Manadjè ak sipèvizè yo responsab pou kreye ak kenbe yon anviwonman travay ki enkane divèsite, respè youn pou lòt, pwofesyonalis, ak diyite pou tout anplwaye, kliyan, epi kote kliyan yo pa viktim entimidasyon, asèlman, diskriminasyon, ak reprezay. Se poutèt sa, tout manadjè ak sipèvizè yo responsab pou abòde konpòtman ki ka vyole Nòm Konpòtmantal Eta a epi ki ka gen yon efè dirèk sou espas travay la. Manadjè yo ak sipèvizè yo, avèk asistans Resous Imèn nan (HR), yo gen devwa pou pran mezi definitiv (pa egzanp rapòte, ankete, entèvni) lè gen yon vyolasyon politik sa a ak/oswa yon sipoze vyolasyon politik lan pandan y ap respekte tout lwa ki aplikab, Règ Merit, Akò Negosyasyon Kolektif (CBA), oswa pwosedi operasyonèl Ajans Eta a. Tout manadjè oswa sipèvizè ki resevwa yon plent oswa ki gen rezon pou kwè gen yon vyolasyon politik sa a ki fèt dwe swa entèvni epi/oubyen aplike pwotokòl ki tabli nan chema pwosedi plent yo.
- 3) Konpòtman derespektan ak/oswa ki pa pwofesyonèl ka entansyonèl oubyen ka pa entansyonèl men li ka toujou vyole règleman sa a. Kontèks lan enpòtan pou konprann diferans ki genyen ant konpòtman ki gen respè ak/oswa ki pwofesyonèl epi konpòtman derespektan ak/oswa konpòtman ki pa pwofesyonèl. Pa egzanp, sa ki annapre yo pa dwe konsidere kòm yon konpòtman ki pa gen respè ak/oswa ki pa pwofesyonèl:

⁴ Règ Merit 15.2.1

⁵ Règ Merit 15.2.2

- Egzèsis nòm al dwa ak responsablite sipèvizyon oswa jesyon, ki gen ladan l men ki pa limite sèlman avèk evalyasyon pèfòmans, oryantasyon travay, jesyon pèfòmans, ak mezi disiplinè depi yo fèt yon mannyè ki gen respè epi pwofesyonèl.
 - Dezakò, malantandi, erè kominikasyon, oswa sitiyasyon konfli kote konpòtman an rete pwofesyonèl epi avèk respè.
- e. Reprezantan Resous Imèn yo responsab pou ede direksyon an ak anplwaye yo nan favorize yon anviwònman travay ki gen respè ki pa gen okenn fòm diskriminasyon ak asèlman.
 - f. Depoze yon fo plent oswa plent malveyan se yon abi nan politik sa a e sa ap trete kòm yon vyolasyon epi li ka lakòz yon aksyon disiplinè.
 - g. Pwosesis sa a pa dwe sèvi kòm yon kontestasyon aprè dispozisyon yon desizyon administratif (doleyan dapre Règ Merit oswa yon Akò Negosyasyon Kolektif (CBA), akizasyon diskriminasyon ki depoze nan Depatman Travay Delaware lan (DDOL), oswa Komisyon Opòtinite Travay Egal (EEOC) oswa nenpòt tribinal oswa kò règlemantasyon).
 - h. Tout mezi disiplinè administre konfòmman ak tout lwa ki aplikab, Règ Merit, CBA, pwosedi operasyon Ajans Eta a. Selon gravite enfraksyon an, mezi disiplinè yo ka gen ladan, men yo pa limite sèlman a, avètisman vèbal, avètisman ekri, sispansyon, oswa revokasyon nan travay lan.

5. Pwosedi

a. Pwosesis pou plent enfòmèl:

Anplwaye yo ka chwazi kominike touswit nan yon fason pwofesyonèl epi ak respè ak moun ki adopte yon konpòtman ke yo ta sipoze ki vyole politik sa a, eksplike yo poukisa konpòtman an ofanse yo, epi mande yo pou yo sispann. Souvan, kominike ak moun nan efikas paske moun nan ka pa konnen ke konpòtman an pa apwopriye oswa ofansan.

b. Pwosesis pou plent fòmèl:

Eta a te etabli pwosedi sila a pou depoze yon plent pou pwoteste kont tout vyolasyon entèdiksyon Règleman sou Nòm Konpòtmantal lan konsènan, men pa sèlman, entimidasyon, konpòtman derespèktan, anviwònman travay agresif, asèlman, reprezay, mank pwofesyonalis, oswa medya sosyal **ki pa baze sou klas pwoteje yo**. Eta a ap trete tout aspè pwosedi a nan yon jan ki konfidansyèl nan limit ki posib selon larezon. Yo ankouraje pou rapòte plent yo rapid, pou yo ka bay yon repons rapid epi poze aksyon apwopriye. Si yon sipèvizè oswa yon manadjè vin okouran de akizasyon yo, kit se nan obsèvasyon pèsonèl, oswa paske moun nan plenyen de sa oubyen yon lòt moun ki siyale sa, sipèvizè a oswa manadjè a dwe diskite sou preyokipasyon oubyen ensidan an ak anplwaye a epi eseye rezoud pwoblèm nan avèk asistans Depatman Resous Imèn nan (DHR) Relasyon Travay (LR) oubyen reprezantan Resous Imèn (HR) ki afekte a Ajans lan.

- 1) Yon anplwaye (Plenyen) ki kwè ke yo te sibi zak vyolasyon jan sa deklare nan Règleman sa a ka kòmanse pwosesis pote plent lan kote l ap depoze yon plent **alekri** bò kote nenpòt nan antite ki site annapre la yo:
 - Sipèvizè
 - Manadjè
 - Ofisye Opòtinite Travay Egal Ajans lan
 - Reprezantan Relasyon Travay (LR) oubyen Resous Imèn Ajans lan
 - Reprezantan Seksyon Relasyon Anplwaye avèk Travay lan nan Depatman Resous Imèn nan.
- 2) Pwotestati k ap pote plent vèbal yo pral oblije ranpli Fòmilè Plent Règleman sou Nòm Konpòtmantal (Fòm Plent) lan. Pou kontinye yon ankèt sou plent lan, Moun k ap pote

- plent yo dwe soumèt yon Fòm Plent ekri epi siyen ki gen ase detay pou pèmèt mennen ankèt pou konnen si te genyen yon vyolasyon règleman sa a ki te fèt ou non. Moun k ap pote plent yo ka jwenn Fòm Plent lan sou Entènèt oswa nan men reprezantan Relasyon Travay (LR) oswa Resous Imèn (HR) Ajans lan yo.
- 3) Si yon sipèvizè oswa yon manadjè vin okouran de vyolasyon potansyèl règleman sou Nòm Konpòtmantal sa a, swa nan obsèvasyon pèsonèl oswa apati de yon moun ki pote plent oswa yon lòt moun ki vin rapòte epi tantativ pou rezoud pwoblèm nan ak anplwaye a pa reyisi, sipèvizè a oswa manadjè a dwe founi anplwaye a règleman sa a avèk fòm plent lan epi rapòte akizasyon alekri bay reprezantan Relasyon Travay (LR) oswa Resous Imèn (HR) Ajans lan osito ke li rezonableman kapab.
 - 4) Lè yo resevwa yon plent ekri de yon moun ki pote plent oswa lè yon sipèvizè oubyen manadjè enfòmè yo de yon vyolasyon potansyèl règleman sa a, e pou pita nan senk (5) jou ouvrab, reprezantan Depatman Resous Imèn DHR Ajans lan dwe notifiye pa ekri seksyon Relasyon Anplwaye ak Travay lan ELR nan DHR lan de plent lan epi li dwe anvizaje tout mezi pou pwoteksyon moun ki pote plent lan oswa viktim potansyèl lan (sa vle di, transfere kote moun ki pote plent lan ap travay lan, kontakte lapolis, elatriye). Si seksyon Relasyon Anplwaye ak Travay lan ELR resevwa plent lan, li dwe notifiye reprezantan Depatman Resous Imèn DHR ki afekte nan ajans moun ki pote plent lan nan delè senk (5) jou ouvrab.
 - 5) Nan senk (5) jou ouvrab apre yo fin resevwa plent alekri nan men moun ki pote plent lan, seksyon Relasyon Anplwaye ak Travay lan ELR pral egzamine epi aji sou li plent lan. Si plizyè demand pwosedi (plent oswa doleyans) depoze sou menm pwoblèm nan, ELR ka konsolide soumisyon yo pou adrese pwoblèm nan yon fason ki pi efikas ak efisyan. Yon anplwaye oswa yon lòt pati ap dezinye kòm investigatè (aprèsa la "Investigatè") pou kòmanse yon ankèt pou detèmine si gen yon motif rezonab pou pouswiv ak yon investigasyon sou swadizan vyolasyon nan jan li ye selon politik sila a epi, si genyen, pou mennen ankèt la. Nan ka plent pou asèlman ki enplike yon founisè deyò, yon konsiltan, oswa yon kontraktè endepandan menm jan an, Investigatè a pral enfòmè founisè deyò an, konsiltan, oswa yon kontraktè endepandan menm jan an de plent lan, epi pwoblèm nan pral adrese ansanm ak anplwayè antite deyò a. Plent ki enplike yon kliyan yo pral trete ak kliyan an dirèkteman sou yon baz ka pa ka.
 - 6) Pandan investigasyon an, Investigatè a pral entèwoje moun ki pote plent lan, moun yo akize an, ak tout temwen; li pral egzamine dokiman jistifikatif ak lòt medya; epi fè lòt aksyon investigastris pou detèmine si konpòtman sipoze an te prezante vre. Entèvyou yo ka anrejistre sèlman avèk konsantman davans pa ekri de Investigatè a avèk moun y ap entèwoje an oswa reprezantan yo. Si nenpòt nan pati yo refize anrejistremman an, okenn patisipan p ap otorize pou anrejistre entèvyou a oubyen lòt pwosedi k ap vini aprè yo. Ankèt la ap respekte nenpòt lwa aplikab, Règ sou merit, oswa tèm konvansyon kolektif CBA yo.
 - 7) Si yon plent asèlman enplike yon anplwaye ki te akize de fot kriminèl, DHR dwe mennen yon ankèt pou detèmine si konpòtman anplwaye a vyole politik sa a oubyen nenpòt lòt règleman Eta a. Anketè a gen pou li kolabore avèk Pwokirè Jeneral Adjwen (DAG) ki te afekte a plent kriminèl lan depi lè yo kòmanse ak pandan tout pwogrè ankèt administratif lan. Kòm investigatè a ap pran mezi pou kowòdone avèk DAG an, kolaborasyon sila ka lakòz ankèt la depase limit tan abityèl ki enpoze pou plent konsa yo.

- 8) Anplwaye Leta yo dwe kowopere totalman avèk nenpòt ankèt ki kouvri anba politik sa a. Anplwaye yo oblije kowopere avèk ankèt Leta yo lè yo mande yo sa, yo dwe patisipe totalman epi de bòn fwa nan bay enfòmasyon onèt, egzat, konplè ak opòten, pami yo deklarasyon, temwayaj, prèv, elatriye, epi kenbe konfidansyalite sa ki diskite yo selon direktiv yo. Enkapasite pou kowopere de bòn fwa a ka lakòz gen mezi disiplinè ki pran.
- 9) Osito ke rezonableman posib men nan yon delè ki pa plis pase katrevendis (90) jou ouvrab apati de lè yo resevwa yon plent, Envestigatè a dwe konkli ankèt la. Envestigatè a ap prepare yon rapò ekri konplè (Rapò) ki genyen konsta li yo, konklizyon, ak rekòmandasyon li yo. An fonksyon konsta yo ak kritè ki nan politik sa a, envestigasyon plent la pral abouti a youn nan konklizyon sa yo: jistifye, pasyèlman jistifye, oubyen san fondman. Si yo detèmine ke yon vyolasyon règleman sa a ki te fèt, Envestigatè a pral travay an kolaborasyon ak reprezantan direksyon ajans lan pou detèmine mezi korektif apwopriye yo. Aksyon korektif yo ka gen ladan yo, men pa sèlman, yon ranvwa obligatwa bay Pwogram Èd pou Anplwaye yo EAP, yon fòmasyon adisyonèl, ak lòt mezi disiplinè ki ka ale jiska revokasyon. Si yo bezwen yon tan adisyonèl pou konplete ankèt la, yo dwe notifie moun ki pote plent lan ak moun ki akize an.
- 10) Reprezantan dezinye direksyon ajans lan dwe egzamine rapò a nan yon delè senk (5) jou ouvrab epi retounen li bay Envestigatè a ki pral pataje Rapò a ak Sekretè Depatman Resous Imèn DHR nan oswa reprezantan dezinye li (ELR) pou revizyon epi finalizasyon li.
- 11) Si envestigasyon an pa jistifye, oswa pasyèlman jistifye, oswa si yo detèmine ke pa te gen okenn vyolasyon règleman sa a, reprezantan DHR lan oswa reprezantan dezinye direksyon ajans lan ka toujou rekòmande mezi (tankou, fòmasyon adisyonèl, ranvwa volontè nan pwogram èd pou anplwaye yo EAP, elatriye).
- 12) Nan senk (5) jou ouvrab apre detèminasyon an, Envestigatè a pral rankontre ak moun ki te pote plent lan epi moun ki akize an separeman pou mete yo okouran de konklizyon ankèt la (kit li te jistifye, kit li te pasyèlman jistifye, oswa li pat jistifye).
- 13) Tout mezi korektif dwe aplike nan yon delè trant (30) jou ouvrab apati de dat dènye reyinyon ak sipèvize/manadjè moun ki akize an. Si yon delè anplis nesèsè, yo dwe mete moun ki pote plent lan avèk akize an okouran.
- 14) Nenpòt aksyon disiplinè dwe trete konfòmman ak Règ Merit, lwa ki an rapò, ak/oswa konvansyon kolektif CBA, kote sa aplikab.
- 15) Depoze yon plent selon politik sila a pa pral pwolonje delè ki preskri nan lwa a pou yon anplwaye depoze yon plent fòmèl atravè Règ Merit yo, Biwo Lit kont Diskriminasyon DDOL lan, EEOC an, yon Akò Konvansyon Kolektif (CBA), si sa aplikab, oubyen nenpòt tribinal oubyen kò règlemantasyon.
- 16) Pandan pwosesis plent lan, konfidansyalite de enfòmasyon ki resevwa yo, entimite moun ki enplike yo, ak sa ke moun ki pote plent lan swete yo dwe pwoteje nan pi wo nivo rezonab posib lan. Pandan ak apre revizyon ak rezolisyon plent lan, tout pati yo, enkli temwen yo lè sa aplikab, oblije kenbe konfidansyalite strik, sof si lalwa otorize sa. Anplis de sa, tout nòt oswa dokiman ke moun ki t ap sipèvize dosye an redije ou resevwa dwe rete konfidansyèl.

6. Eksklizyon oubyen eksepsyon

- Si yo depoze yon plent kont yon anplwaye ki ap okipe yon pòs nan miz an aplikasyon lwa yo e ke klasifikasyon li an kouvri pa Deklarasyon Dwa ofisyè responsab miz an aplikasyon lalwa yo (LEOBR), ajans yo dwe swiv pwosedi investigasyon LEOBR lan.
- Depatman Koreksyonèl Delaware lan kenbe yon pwosesis investigasyon separe ki dwe mennen konfòmman ak pwosedi Ajans lan yo.
- Depatman Sekirite Enteryè Delaware lan, Divizyon Lapolis Eta Delaware lan kenbe yon pwosesis investigasyon ki dirije pa Biwo Regilasyon Pwofesyonèl pou anplwaye nan Divizyon Lapolis Eta a.

7. Difizyon ak fòmasyon

- Anplwaye yo dwe li epi rekonèt yo resevwa politik sila a nan Delaware Learning Center (DL) an, oubyen si sa pa aplikab pa lòt mwayen, nan espas 30 jou aprè notifikasyon an.
- Biwo Resous Imèn HR Ajans lan kapab founi anplwaye aktyèl yo yon revizyon sou politik sa ak pwosedi yo.
- Responsab DHR Ajans lan pral egzamine politik sila a ak tout moun ki repètorye nan Seksyon ki titre **2. Dimansyon** nan Politik lan ki pa resevwa mesaj DLC yo.

8. Rapòte done

- Tout ajans yo oblije konsève dosye plent ki sipoze vyolasyon nan politik sila a.

9. Politik/Règlemantasyon/Enfòmasyon asosye

- [Acceptable Use Policy](#)
- [Drug-Free Workplace Policy](#)
- [Executive Order No. 24](#)
- [Marijuana and Alcohol-Free Workplace Policy](#)
- [Respectful Workplace and Anti-Discrimination Policy](#)
- [Social Media Policy](#)
- [State of Delaware Merit Rules](#)
- [State of Delaware Public Integrity Commission Code of Conduct](#)
- [Workplace Violence Policy](#)

10. Anèks ak Fòmilè asosye avèk Politik sila a

- [Standards of Conduct Complaint Form](#)

11. Propriyete Politik la

- Non Divizyon: Divizyon Relasyon ant Anplwaye ak Travay
- Pwopriyetè politik: Direktè Relasyon ant Anplwaye ak Travay
- Sitwèb: [DHR - Employee and Labor Relations \(delaware.gov\)](https://delaware.gov/dhr)

Politik sa a pa fèt pou kreye okenn dwa endividyèl oswa koz aksyon ki pa deja egziste epi rekonèt selon lalwa Eta osinon Federal. Si gen yon konfli avèk, pa egzanp, lalwa oswa regilasyon yo ak politik sa a, lalwa ak / oswa regilasyon yo ap gouvène.